

## Akò Pou Anplwaye Sèvis Alimantè Fè Rapò

### Pou Anpeche Anplwaye ki Malad pa Transmèt Maladi yo pa Enfeksyon Manje

Rezon pou akò sa a se pou garanti pou tout Anplwaye Sèvis Alimantè ak Anplwaye Kondisyonnèl yo avèti Moun Responsab la chak lè yo santi yon nan kondisyon nou pral site yo, konsa Moun Responsab la kapab pran tout aksyon ki nesesè pou frennen transmision maladi ki kapab transmèt bay lòt moun apati manje.

#### MWEN DAKÒ POU MWEN RAPÒTE BAY MOUN KI RESPONSAB LA:

##### A. SENTÒM SILA YO

dyare, lafyèv, vomisman, lajonis, mal gòj ak lafièv, blesi ki fè pi sou men mwen, ponyèt mwen, oswa yon pati nan kò mwen ki ekspoze (tankou lè yo brile oswa lè yon blesi enfekte, menm si se yon blesi ki toupitit)

##### B. DYAGNOSTIK MEDIKAL SOU MALADI SA YO:

nowoviris, *E. coli* ki pwodui toksin shiga , *S. typhi* (lafyèv tifoyid), *Shigella* spp., *Salmonella* ki pa tifoyid, virus epatit A, ansanm ak lòt maladi ki kapab transmèt nan manje dapre 105 CMR 300.000. Kontakte Pwogram Pwoteksyon Alimantè a (Food Protection Program) nan nimewo 617-983-6712, oswa Pwogram Epidemiyoloji a (Epidemiology Program) nan nimewo 617-983-6800 pou plis enfòmasyon.

##### C. DYAGNOSTIK MEDIKAL KI TE POZE NAN LEPASE

Èske yo déjà dyagnostike ou ak youn nan maladi ki site piwo a? \_\_\_\_\_

Si wi, nan ki dat dyagnostik sa a te fèt? \_\_\_\_\_

##### D. KONDISYON KI PREZANTE PI GWO RISK YO

- Lè genyen rezon pou yo sisplèk ou te lakòz oswa ou te ekspoze ak yon epidemi maladi ki site nan pati B pi wo a.
- Yon moun ki rete nan menm kay la dyagnostike ak lafiyèv maladi ki site nan pati B pi wo a.
- Yon moun ki rete nan menm kay la, oswa kap travay nan yon kote ki genyen yon epidemi konfime maladi ki site nan pati B pi wo a.

Mwen li (oswa yo eksplike mwen) e mwen konprann egzijans ki gen rapò ak responsabilite mwen dapre Kòd Alimantè 105 CMR 590/1999 ansanm ak akò sila a ki fè mwen egzijans pou mwen respekte kondisyon yo ki site piwo yo kote li nesesè pou mwen rapòte sentòm, dyagnostik, ak eta sante ki reprezante gwo risk jan li déjà esplike a. Mwen konprann tou si youn nan sentòm yo pale piwo a oswa yon eta sante ki reprezante gwo risk kontajyon oswa yo ta dyagnostike mwen ak yon maladi yo pale piwo a, yo kapab mande mwen chanje travay oswa sispann travay nèt jouk lè sentòm yo oswa maladi a disparèt.

Mwen konprann si mwen pa respekte kondisyon ki nan akò sila a, patron a oswa otorite ki sipèvize distribisyon manje gen dwa pran yon aksyon kont mwen ki kapab konpwomèt travay mwen epitou mennen mwen devan lajistis.

Non Anplwaye a oswa Anplwaye Kondisyonnèl nan Sèvis Alimantè a (ekri ak lèt enprimri) \_\_\_\_\_

Siyati Aplikan a oswa Anplwaye Sèvis Alimantè a \_\_\_\_\_ dat \_\_\_\_\_

Siyati Detantè Pèmi a oswa Reprezantan li \_\_\_\_\_ dat \_\_\_\_\_

Finansman pou tradiksyon sa a soti nan yon sibvansyon Kowoperativ FDA bay Vil Melrose, MA. Sila se yon fòmilè Depatman Sante Piblik kreye ki pwopoze kòm yon zouti pou yo itilize pou ede endistri alimantè a respekte egzijans Kòd Alimantè 105 CMR 590.002(E) ak Kòd Alimantè Federal 2-201.11. Itilizasyon fòmilè sa pa obligatwa epitou pa gen okenn règleman Leta ki mande li.

Revize : oktòb 2018